



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 20,000 KONTRAVANSYON YO BAY PANDAN AKTIVITE RANFÒSMAN NAN FEN SEMÈN FÈT TRAVAY LA NAN TOUT ETA A

Kontavansyon yo te pibliye pou plizyè vyolasyon lwa sou veyikil ak sikilasyon

Ranfòsman an te vize moun k ap kondui ak kapasite afebli, ki distrè epi ki fè eksè vitès

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ajans ki fè respekte lalwa atravè Eta a te bay 20,714 kontravansyon pou plizyè vyolasyon lwa sou veyikil ak trafik, ki gen ladan 4,374 kontravansyon pou vitès ak 966 kontavansyon pou moun ki kondui ak kapasite afebli oswa anba enfliyans alkòl pandan yon mobilizasyon nan tout eta a. Kanpay ranfòsman nan fen semèn fèt travay la te kòmanse soti 30 out jiska 2 septanm 2024, pou ogmante patwouy ki vize moun k ap kondui nenpòt jan epi ak kapasite afebli. Sa a ak peryòd ranfòsman menm jan yo jwenn finanssman grasa sibvansyon atravè [Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè](#) a.

"Peryòd ranfòsman sa yo tèlman enpòtan pou raple chofè New York yo gen konsekans pou aksyon yo si yo decide yo pral ensousyan sou wout nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen felisite gason ak fanm nan lapolis ki nan lari pou kenbe nou an sekirite, kit nou dèyè volan oswa nan chèz pasaje yo, epi mwen sipliye chofè yo pou yo kondwi san danje epi sonje se pa ou sèlman ki sou wout la."

Komisè Depatman Veyikil ak Motè a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Misyon nou se sove lavi epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite sou wout yo. Travay sa a pa t ap posib san patnè lapolis nou yo ki travay san pran souf pou retire chofè ki pa an sekirite nan wout yo epi mete nou pi pre objektif nou pataje pou elimine aksidan ak blesi."

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Mwen bat bravo pou travay fòmidad manm nou yo ak patnè ki fè respekte lalwa yo te fè ki te atribiye nan siksè ranfòsman sa a. Kit se kondui distrè oswa kondui ak kapasite afebli, li se yon fason kondui ki danjere ki fè viktim san rezon. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pataje ak sipò kontinyèl nan priyoreze sekirite trafik la. Atravè edikasyon pèsistan ak ranfòsman, lapolis eta a kontinye misyon pou rann wout New York yo vin pi an sekirite, nan dekouraje, detekte, ak arete chofè ki neglijan."

Prezidan Asosyasyon Cherif Eta New York la ak Cherif Konte Delaware.

Craig DuMond, te deklare, "Lapolis mande tout moun pou yo kondwi san danje epi pou yo pa kondwi anba enfluyans alkòl. Pifò chofè koute konsèy nou yo, men kèk pa fè sa. Gen anpil chofè danjere, ki distrè, ensousyan lapolis te kanpe, bay kontravansyon, epi retire yo sou wout la nan fen semèn fèt travay sa a. Cherif Eta New York yo mande ou pou ou se yon chofè responsab epi ki pridan pandan jou ferye yo, ak chak jou."

Men repatisyon konplè vyolasyon ak kontravansyon yo te bay pandan kanpay la:

Vyolasyon	Kantite Kontravansyon
Vyolasyon Lwa Mete w Akote a	192
Senti sekirite	824
Kondi Distrè	514
Kondui avèk Kapasite Afebli	966
Eksè Vitès	4,374
Lòt Vyolasyon	13,844
Total	20,714

Yon gwo eleman enpòtan nan efò New York pou konbat kondui avèk kapasite afebli se pwogram STOP-DWI a. STOP-DWI defini kòm "Pwogram Opsyon Sikilasyon Espesyal pou Moun ki ap Kondui Pandan yo Sou (Special Traffic Options Program for Driving While Intoxicated, STOP-DWI)". Pwogram STOP-DWI a se premye pwogram otonòm nasyon an sou moun ki ap kondwi avèk kapasite afebli. Efò pwogram yo finanse avèk kontravansyon chofè ki koupab yo peye paske yo ap kondwi avèk kapasite afebli. Li enpòtan pou note ke kowòdonatè pwogram yo gen ladan divès orijin pwofesyonèl, gen ladan fòs ranfòsman lalwa ak fòs ki pa nan ranfòsman lalwa.

Nou te kreye pwogram STOP-DWI pou ekipe konte yo pou kowòdone efò otorite lokal yo pou redwi aksidan sikilasyon ki gen rapò ak alkòl ak lòt dwòg yo. Tout 62 konte yo chwazi patisipe. Kèk ezanp pwogram ke STOP-DWI la finanse se: inite lapolis ki fòme espesyalman pou devwe ak ranfòsman DWI yo, anbochaj pwokirè espesyal yo ak ofisye pwobasyon pou jere kantite ka yo, kontwole aparèy antidemaraj yo, sipòte sèvis reyabilitasyon yo, ak devlope kanpay enfòmasyon ak edikasyon piblik ki apwopriye pou kominote yo andedan rejyon respektif yo. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite: <http://www.stopdwi.org/>.

Anplis de STOP-DWI a, GTSC a sipòte fòmasyon pou Ekspè nan Rekonesans Dwòg yo (Drug Recognition Experts, DRE). DRE yo se ofisye ki fòme espesyalman ke fòs lòd la itilize lè yon chofè sanble gen kapasite afebli, men polis la elimine posiblite alkòl kòm kòz oswa sèl kòz enfluyans lan. Yon DRE resevwa fòmasyon konplè ke Administrasyon Sekirite Sikilasyon Otowout Nasyonal (National Highway Traffic Safety Administration) la ak Asosyasyon Entènasyonal Chèf Lapolis yo apwouve (International Association of Chiefs of Police). Fòmasyon an pèmèt ofisye yo obsève epi dokimante siy ak endikatè

kapasite afebli nan chak nan sèt kategori dwòg yo gen ladan dwòg ilegal ak preskripsyon yo.

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite <https://trafficsafety.ny.gov/>, oswa swiv konvèsasyon GTSC a sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)